STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 11 fevriye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $1 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ADISYONÈL POU 43NORTH

Nouvo Direktè ak Konsèy Administrasyon Óganizasyon a bi non likratif la te fè anons tou pou pi gwo konpetisyon Biznis nan Mond lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ogmantasyon finansman de $1 milyon dola, kreyasyon yon òganizasyon a bi non likratif pou kontwole 43North, ak yon nouvo direktè egzektif pou pi gwo konpetisyon lide biznis nan mond lan. Direktè egzekitif la ak senk nouvo manm nan konsèy òganizasyon a bi non likratif la pral travay pou bati sou siksè fòmidab sa konpetisyon inogiral 43North.

“43North se osijè pou pote lide demaraj ki pi briyan nan Buffalo– e konpetisyon ane pase a te sitèlman gen anpil siksè ke nap ogmante envestisman nou pou ane 2015,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk finansman adisyonèl sa ak yon ekip kalite pou sipèvize l, 43North pral kontinye atire konpayi inovan yo nan endistri tankou syans sante, medya sosyal ak manfiakti avanse nan lwès New York. Inisyativ sa a se yon lòt egzanp de angajman Eta nan rejyon an, e map rete tann pou m wè dezyèm seri pi gwo konpetisyon biznis nan mond lan ane sa a.”

Empire State Development ap bay finansman adisyonèl pou pwochen opòtinite pou konpayi yo ki soti toupatou nan mond lan pou fè konpetisyon youn kont lòt pandan yap lanse konsèp ki pi inovatif yo.

Avèk $1 milyon adisyonèl Gouvènè a te anonse jodia kap vini de Buffalo Billion, 43North pral resevwa yon total $7 milyon nan finansman ki soti nan Eta New York pou 2015 (yo te atribye $6 milyon anvan nan desanm 2014 ki te soti nan Konsèy Alokasyon Proceeds Power Lwès New York). Kòm avèk $5 milyon nan finansman pou gayan 43North ane pase yo, prim yo soti apati revni ke yo jwenn nan lavant mache idwo-elektrisite ki pa itilize nan Pwojè New York Power Authority’s (NYPA) Niagara Power, jan li prevwa daprè lejislasyon 2012 Gouvènè Cuomo te dirije a.

Inisyativ 43North te pran nesans apati Plan Devlopman Envestisman Buffalo Billion kòm yon fason inik pou atire talan antrepriz nan Lwès New York epi montre atou ekstra-òdinè Buffalo gen pou ofri demaraj pwometè yo. Pandan ane inogiral li, konpetisyon an te atire plis pase 2,600 soumisyon ki soti nan 96

peyi e tout 50 eta yo te demontre ke Buffalo se yon lokasyon atiran pou inisyativ nouvo biznis yo. Nan premye konpetisyon an, 43North te atribye $5 milyon dola nan pri a 11 gayan yo ki te demenaje nan Buffalo nan mwa janvye 2015.

Espas enkibatè 43North te kreye nan Sant Inovasyon Thomas R. Beecher Jr. nan 640 Ellicott Street nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara.

“Finansman adisyonèl la pral ede asire ke 43North kontinye pou alafwa atire nouvo konpetitè ak antreteni gayan ane pase yo pandan yap kòmanse travay nan Buffalo,” te deklare Kenneth Adams, Prezidan ak PDG aktyèl Empire State Development. “Nouvo direksyon ki pral anplas la pral bay direksyon enpòtan ak sipò pou tout moun ki vle patisipe nan inisyativ enteresan sa, ki fèt pou jenere nouvo biznis e finalman kreye travay.”

Nouvo Direktè Egzekitif & Konsèy òganizasyon a bi non likratif

Gouvènè Cuomo te anonse tou jodia ke **John T. Gavigan** te jwenn nominasyon kòm nouvo direktè egzekitif pou 43North. Mesye. Gavigan se yon natif natal nan Amherst li gen 20 ane eksperyans nan devlopman biznis, maketing, ranmase lajan ak ekip konstriksyon. Mesye. Gavigan te grandi nan yon biznis fanmi posede e li te travay kòm Vis Prezidan nan Rezo Eastern Managed Print nan Xerographic Solutions Inc. e li te Manadjè Lavant pou Xerox, Konpayi Dokiman an. Li menm ak madam li te kòmanse demaraj yon biznis dekorasyon enteryè, Eden Interiors, LLC nan 2002 e li se ko-fondatè Dekouvri Buffalo Niagara Kalandriye avèk frè li nan ane 1999. Wap jwenn yon foto Mesye. Gavigan disponib la.

Manm konsèy òganizasyon a bi non likratif la ki te jwenn nominasyon jodi a fè pati nan prensipal ekspè rejyon Lwès New York nan biznis e lap pote yon vas eksperyans nan alafwa sektè prive ak piblik:

Jordan Levy se Patnè Jeneral nan SoftBank Capital NY e li se egalman Patnè Jesyon nan Seed Capital Partners, yon konpayi fon kapital ki nan etap demaraj ke li te ko-fonde nan ane 1999. Anvan li te ko-fonde Seed Capital Partners, li te ko-fondatè ClientLogic e li te Prezidan, ko-PDG ak ko-Prezidan konpayi predesesè li SOFTBANK Services Group ak UCA (kounye a ki rele SITEL Worldwide). Anvansa, Mesye. Levy te yon Vis Prezidan Prensipal Software Etc, ki kounye a GameStop (NYSE:GME) e anvansa li te ko-fondatè tou Software Distribution Services, ke yo konnen kounye a kòm Ingram Micro (NYSE:IM). Jordan aktyèlman ap travay nan konsèy administrasyon plizyè konpayi teknoloji.

Doktè. Norma Jean Nowak se yon lidè ki rekoni anpil nan domèm jenomik. Rechèch li te yon pati enpòtan nan pwojè Jenomik Imen ak apwòch ki baze sou mikwopus pou konprann maladi ereditè ak kansè. Nan 2003, yo te nome l Direktè Syans ak Teknoloji pou Sant Ekselans Eta New York nan Byo-enfòmatik ak Syans Lavi – konplèks $150 milyon nan kanpis Medikal Niagara te angaje pou vann teknoloji nan enstitisyon swen sante ak rechèch medikal nan rejyon an. Li okipe egalman yon nominasyon konjwen antanke Direktè Etablisman Microarray ak Genomics, yon rechèch laboratwa kolaboratif ki pataje pa Enstiti Kansè Roswell Park ak University nan Buffalo School of Medicine ak Biomedical Sciences katye jeneral li nan RPCI. Anvansa, li te patisipe pou 14 ane nan rechèch jenomik

kansè e yo te dekouvri maladi jenetik ak katografi jenomik imen an.

William Maggio se Prezidan ak PDG Immco Diagnostics, yon founisè sèvis ak pwodui dyagnostik oto-imin ki baze nan Amherst. Mesye. Maggio anvansa te travay kòm Ofisye anchèf operasyon konpayi an epi Vis Prezidan Devlopman Biznis, e li gen 18 ane eksperyans nan endistri byoteknik ak syans lavi. Mesye. Maggio te fèt epi elve nan Vil Buffalo li te resevwa diplòm metriz li nan Canisius College e aktyèlman lap travay kòm yon manm nan konsèy Dwayen kolèj la.

Tyra Johnson aktyèlman alatèt Blue Sky Design Supply. Pasyon l pou anviwonman ansanm avèk ede lòt moun, makonnen avèk konesans konsepsyon ak pratik konstriksyon, sa ki kondwi a kreyasyon Blue Sky. Vizyon Mesye. Johnson pou Blue Sky se yon mekanis ki jenere epi andire antouzyas pou dirabilite e sa ede kominote Buffalo a pwospere. Orijnalmam li soti nan Milwaukee, Wisconsin, istwa Mesye. Johnson nan etid anviwonman ak responsabilite sosyal etann sou plis pase de deseni. Li gen yon diplòm nan anviwonamn e li se yon enjenyè sivil nan University Wisconsin-Madison li gen yon degre Metriz nan University nan Buffalo.

Allen "Pete" Grum te Prezidan Ofisye Egzekitif Anchèf ak Direktè Rand Capital Corporation (NASDAQ:RAND) depi 1995. Rand Capital gen $35 milyon envestisman nan 27 konpayi. Konpayi sa yo te ogmante travay pa plis pase 500 djòb e yo te ogmante revni yo pa $170 milyon sou dènye senk ane ki sot pase yo. Mesye. Grum nan Konsèy Administrasyon anpil konpayi e li se aktyèlman Prezidan Komite Envestisman Buffalo State Foundation sou Komite Envestisman nan Kaleida Health Systems ak Inivèsite Buffalo Foundation. Li se aktyèlman Prezidan Horizon Health Services. Pete gen yon Metriz nan Rochester Enstiti Teknoloji ak yon Bakaloreya Arts nan Ekonomi nan Eisenhower College.

Howard Zemsky, ki se kandida Gouvènè a pou pozisyon Komisyonè Ekonomik Devlopman e Prezidan ak PDG Empire State Development Corporation, te deklare, "Konpetisyon 43North te yon gwo siksè, atire lespri biznis ki pi bon ak pi briyan toutpatou nan mond lan. Gayan konpetisyon ane pase yo te deja kòmanse kolabore avèk youn lòt nan fason yo pral anbake nan yon vwayaj ki deklanche pa yon tanpèt lide. Gouvènè Cuomo ap itilize Buffalo Billion pou fè pati Nò New York vini yon tè opòtinite pou konpayi kap demare yo, sa ki pral dinamize ekonomi an nan kreye travay ak lide pou lavni."

Sharon Randaccio, Prezidan ak PDG Performance Management Partners, sa ki fè rechèch pou pozisyon Direktè Egzekitif 43North, te deklare, "Nou te sibmèje pa gwoup kandida yo ki gen anpil talan ki te aplike pou pozisyon direktè egzekitif 43North. Sa a se yon temwayaj sou enpòtans pwojè sa e li se yon siksè fòmidab jiska prezan. Performance Management Partners te fyè dèske nou te ofri sèvis nou pou reyalize pwosesis rechèch pou direktè egzekitif la e nou swete yon avni enteresan pou 43North."

Anplis lajan kontan yo, finalis 43North yo pral resevwa tou yon espas enkibatè gratis nan Buffalo pandan yon lane, konsèy kap soti nan men konseye modèl ki genyen nan diferan domèn, ak posiblite pou rantre nan pwogram rekonpans tankou Start-Up NY.

<u>Enfòmasyon sou 43North</u>

Inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Andrew M. Cuomo a se prensipal sous finansman pou 43North, ak sipò ki soti nan New York Power Authority. Gen lòt sipò ki soti nan National Grid, Orange Capital, Buffalo Niagara Enterprise, Buffalo Office Interiors, Perfect Sense, Larkin Square, Superior Group, Rich Products Corporation, M&T Bank, Delaware North Companies, SoftBank Capital, Buffalo Niagara Partnership, Bright Buffalo Niagara, Phillips Lytle LLP ak lòt kote. Gade yon lis konplè sou www.43north.org/43north-sponsors.

Pou aprann plis, ale sou www.43north.org.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418